Х1амзат: Мутаг1иллъиялъул соназдаго хъвана «Г1алибеги гъве». Дир бук1ана 14 сон. Гьеб асар сабаблъун чанго нухалъ судалъул скамейкаялда ч1езе ккаравха дун.
Журналистка: «Ашбазалде» абураб асар ц1акъ бокьана. Гьелъулги бицинарищ?
Х1амзат: Х1ажияс дие гьеб асар къват1ибе бахъич1ого таралъухъ кьолораб чу кьолеб бук1ана (гьанже ч1ух1араб машина г1адаб жоха). Амма кват1ун ккана: киназго, цоцазул к1алдиса босун, рик1к1унеб бук1ана гьеб. Ашбазги кват1ич1ого къазе ккана.

Журналистка: Х1амзат Мух1амаевич, бищунго рак1алда ч1араблъун кинаб сон ккараб?
Х1амзат: Узухъда, дир т1анч1и, 1934 сон. Гьеб соналъ канлъи бихьана дир «Г1адатазул жул» абураб т1оцебесеб т1ехьалда, дие кьуна халкъияв шаг1ирасул ц1ар, гьебго соналъ восана хъвадарухъабазул союзалде, Мух1мадмирзаца дида абуна «Аваразул Чехов» абун
Слайд 54- Мух1мадмирза Хизроев «Ц1адаса Х1амзатил х1акъалъулъ»
Х1амзат: Дие цебего гьикъизе бокьун бук1ана нужеда. Дида раг1ана гьанже маг1арул мац1 бокьуларел лъимал ругилан. Нужеда гъорлъ ругищ гьединал?
Ц1алдохъан: Дица кьела, Х1амзат Мух1амаевич, гьеб суалалъе жаваб. Нижеца гьединазул рахъ кколаро. Амма х1аракат бахъула гьел мекъи рук1ин гьезда бич1ч1изабизе.
Гьабсаг1ат нижеца бихьизабила «Ашбазалде» абураб коч1олъа цо гьит1инабго сценка.
Х1амзат: Дун вохарав вуго дир асарал нужее рокьиялдаса. Х1алч1ахъаги нужер.
Ц1алдохъаби: Х1амзат Мух1амаевич, мунги свакан ватила. Баркала к1удияб. Нижееги т1адруссине заман щвана.
Муг1алим: Бокьанищха сапар? Сваканищ?

Муг1алим: Ахиралде щвана нилъер сапар.

*Биччала проектор. Гьеб заманалда муг1алимас ц1алдохъабазул карточкабазул хал гьабула ва ц1ик1к1ун бонусал щварав вихьизавула*

Муг1алим:
Дарсил х1асилал гьаризин? Вугищ к1алъазе вахъине бокьарав чи?
Ц1алдохъан: Дие поэма бокьана. Гьелъ дида Ц1адаса Х1амзатил г1умру гьваридго лъазе гьабуна.
Ц1алдохъан: «Ашбазалде» сценкаялъ лъик1аб асар гьабуна.
Ц1алдохъан: Экускурсия бокьана. Нужее баркала.
Муг1алим: Баркала, лъимал. Гьанже цеве вахъинавизин «Г1акъилазул г1акъил» абураб ц1аралъе мустах1икълъарав ц1алдохъан.